



PWOSE VÈBAL REYINYON KOMITE LEKÒL BOSTON

Mèkredi 31 Out 2022

Komite Lekòl Boston nan te òganize yon reyinyon adistans nan dat 31 Out 2022 a 5 p.m sou Zoom. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sa ki ekri anba yo, ale sou www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee, imèl feedback@bostonpublicschools.org oswa rele Biwo komite lekòl Boston nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manm Komite a ki te prezan: Prezidan Jeri Robinson; Stephen Alkins; Lorena Lopera; ak Quoc Tran.

Manm Komite a ki te absan: Vis Prezidan Michael D. O'Neill; Brandon Cardet-Hernandez; ak Rafaela Polanco Garcia.

DOKIMAN YO TE PREZANTE

Ajanda jounen an

Kontribisyon pou Apwobasyon

Nòt: Mizajou Relouvèti Ane Lekòl 2022-23

Prezantasyon: Mizajou Relouvèti Ane Lekòl 2022-23

RAPÈL A LÒD

Prezidan Jeri Robinson te kòmanse reyinyon an e te fè moun yo fè sèman angajman. Madam Sullivan te fè apèl. Mesye Cardet-Hernandez; Madam Polanco Garcia ak Mesye O'Neill te absan. Tout lòt manm yo te prezan.

Madam Robinson te di ke reyinyon aswè a ap difize andirèk sou Zoom. Epi li pral redifize sou televizyon Boston City TV. Epi, y ap pibliye l sou bostonpublicschools.org/schoolcommittee ak sou Youtube. Li te anonse ke gen sèvis entèpretasyon similtane ki te disponib nan espanyòl, kreyòl ayisyen, kap vèdyen, vyetnamyen,

Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

Mèkredi 31 Out 2022

kantonè, mandaren, arab, ak Lang Siy Ameriken (ASL) epi bay enstriksyon sou kòman pou aksede ak entèpretasyon similtane nan chanje kanal Zoom nan. Dokiman reyinyon tradui yo te pibliye nan www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee avan kòmansman reyinyon an.

Madam Robinson te anonse ke akòz de maladi ak vwayaj, komite a pa t ap gen yon kowòm pou dire reyinyon an antye. Nan objektif pou byen mennen zafè Komite Lekòl la ki nesèsè, li te pwopoze pou Komite a reòdone ajanda jounen an, nan deplase vòt yo pou kòmansman ajanda jounen an. Nan ka kote manm yo dwe pati, Komite a t ap vote pou ranvwaye reyinyon an, paske pa t ap gen kowòm ankò. Lè n konsidere ijans travay Distri a ap fè pou prepare pou relouvèti lekòl la ak bezwen pou pataje enfòmasyon enpòtan avèk entèvenan yo ak manm kominote yo, manm ki rete yo pral rete pou tande rapò Sirentandan pa Enterim nan ansanm ak Mizajou sou Rantre Lekòl la. Moun ki enskri nan kòmantè piblik yo gen posibilite pou temwanye lannwit sa oubyen rete tann pwochèn reyinyon regilye ki prevwa 14 Septanm 2022 a.

AKSYON

Doktè Alkins te poze kesyon sou avantaj adezyon nan Asosyasyon Komite Lekòl Massachusetts (MASC). Madam Robinson ak Madam Lopera te pale sou avantaj adezyon MASC la, ki gen ladan l fòmasyon nan devlopman pwofesyonèl, divès atelye, pledwaye, sipò ak bilten chak mwa. Madam Robinson te remèsye Prezidan MASC la, Glenn Koocher, poutèt li te bay Komite a divès konsèy ekspè.

Apwouve - Nan yon apèl nominal, Komite a te apwouve nan yon sèl konsantman pèman adezyon an ki dwe ak Asosyasyon Komite Lekòl Massachusetts yo nan yon kantite 8 280 \$ pou Ane Lekòl 2022-2023.

Apwouve- Nan yon apèl nominal, Komite a nan yon sèl konsantman te apwouve sibvansyon yo pou apwobasyon yon montan total 372 042 \$.

Apwouve - Nan yon apèl nominal, Komite a te apwouve nan yon sèl konsantman yon mosyon pou ranvwaye reyinyon an.

RAPÒ SIRENTANDAN PA ENTERIM NAN

**Lè yo prepare l pou livre li.*

Mèsi, Madame Chair. Mwen kontan pou jwenn nan nwit sa. 15 Out, nou te soumèt premye ansanm ki livrab yo nan kad Plan Amelyorasyon Sistemik la (SIP). Sa te gen ladan l premye avan pwojè yon plan estratejik pou aprenan miltileng yo, yon manyèl politik ki revize pou edikasyon espesyal la, yon modèl senplifye Plan Lekòl Kalite pou planifikasyon amelyorasyon lekòl la, yon plan renovasyon twalèt nan 16 lekòl, ak divès angajman avèk Council of Great City Schools pou divès egzaminasyon ekstèn nan edikasyon espesyal la, sèvis transpò ak sekirite elèv yo. Tout livrab nou te soumèt yo kapab jwenn sou sitwèb BPS la nan www.bostonpublicschools.org/strategicprogress. Ekip distri a ap kontinye angaje avèk pèsònèl wo nivo DESE a pou egzamine kòmantè pa yo epi pote ajisteman pandan nou kontinye kolabore

Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

Mèkredi 31 Out 2022

nan travay kritik sa sou sistèm yo. Council of Great City Schools te fè premye vizit yo sou plas pou fè entèvyou ak plizyè entèvenan nan edikasyon espesyal la. Yo pral kontinye ak egzamen dokiman ak entèvyou vityèl adisyonèl yo nan pwochèn semèn yo, pandan y ap finalize rapò ak rekòmandasyon pa yo. Nou pa ka tann pou prezante rekòmandasyon pa yo devan Komite Lekòl la an Novanm. Nou gen divès livrab adisyonèl pou liv 8 Septanm, ki gen ladan l rekritman pou divès pòs kle pou sipèvize Sistèm Rezolisyon Pwoblèm nan epi revize pwosedi pou mete elèv yo deyò. Mwen kontan pou anonse ke nou sou bòn vwa pou kenbe angajman sa yo, epi nou pralibliye yon lòt fwa tout livrab yo sou sitwèb la, yon fwa yo soumèt li ak DESE.

Pandan dènye reyinyon nou an, mwen te pale konsènan investisman nou te fè nan travay espòtif nou an. Sezon sa gentan kòmanse. Mass General Brigham Sports Medicine te bay Lekòl Piblik Boston yo divès egzamen medikal presezon gratis nan 13 Out. Taylor Twellman, yon ansyen jwè New England Revolution ak kòmantatè koulè bò kote ESPN Sports, te vin rankontre elèv yo.

Mwen kontan pou m anonse ke mwen te kontinye enfòmè Sirantandan ki fèk vini an, Skipper, sou pwojè ak plan ki gen pou vini yo pou nouvèl ane lekòl la. Li t ap patisipe nan reyinyon yo avèk entèvenan kle yo. Li te fè divès anons kle sou lidèchip ou pral wè nan dyapozitif yo.

August Leadership Institute (ALI) te fèt nan Boston University soti 16 Out rive 18 Out. Se te yon onè pou mwen pou m salye patisipan yo nan tout lekòl nou yo 1ye jou a, ansanm ak Prezidan BTU a, Jessica Tang, Nouvo Sirentandan, Skipper, Prezidan Komite Lekòl Jeri Robinson ak Vis Prezidan Komite Lekòl la, Michael O'Neill. Twa jou yo te santre sou mizannèv Literasi Ekitab la ak devlopman Plan Lekòl Kalite yo pou Ane Lekòl 2023 (SY22-23).

Enstiti Jesyon ak Operasyon an te rive fèt vityèlman soti 22 Out rive 24 Out epi te angaje pèsònèl lekòl la, direksyon ak administratè Biwo Santral yo. Yon gran varyete depatman ki prezante sou plizyè sijè diferan ki pral ede eklere travay nou sou plizyè sijè diferan ki pral ede pote limyè sou travay nou antanke yon distri nan ane ki gen pou vini an, ki gen ladan l divès sijè kle ki lye ak Plan Amelyorasyon Sistemik lan -- manuèl politik ak pwosedi edikasyon espesyal la, Liy Asistans BPS ansanm ak vèsyon revize pwosedi pou mete elèv yo deyò yo, ansanm ak Pwotokòl COVID-19 nou yo pou site sa yo sèlman.

Biwo santral la te òganize Jounen Pòt Ouvri Anyèl 25 Out kote direktè lekòl yo ansanm ak pèsònèl lekòl la te vizite divès depatman diferan pou yon rankont ak yon akèy, jan ou kapab wè a nan imaj yo nan prezantasyon an.

Yè nou te òganize evènman Countdown to Kindergarten nan Boston Children's Museum, kote nou te akeyi timoun klas kindè yo ak fanmi yo epi distribiye divès valiz ak kado. Nou rekonesan anvè Boston Children's Hospital, Boston Children's Museum, Cradles to Crayons ak Biwo Ti Anfans Majistra. Se te yon evènman ki te pote lajwa pou mwen.

Lekòl la ap kòmanse semèn pwochèn Jedi, 8 Septanm, pou klas 1ye a 12èm ane epi Lendi 12 Septanm pou klas K0-K2 nou yo. Nou pral gen yon mizajou ki plis detaye pou pataje avèk ou pita aswè a, men jan mwen te mansyone nan dènye reyinyon nou an, ekip sa t ap travay di pou abòde domèn kle ki pral ede nou prepare pou yon tranzisyon swa pou ane lekòl la.

Mèkredi 31 Out 2022

Jan ou konn sa, semèn pase a, nou te òganize konferans près nou an avèk Majistra sou fèmte Liy Oranj lan. Mwen vle remèsye Direktè Transpò a, Del Stanislaus ak ekip li a, ki t ap travay san pran souf pou abòde pwoblèm ak inovasyon nan transpò a, travay bò kote Majistra, ekip li a, ak tout lòt patnè ki enplike. Preyokipasyon prensipal nou se asire ke elèv nou yo ak pèsònèl la gen yon mwayen transpò pou ale lekòl nan tout sekirite. An patenarya avèk sendika chofè bis lekòl la, nou te dakò pou pèmèt distri a konsève tibis transpò elèv 7D adisyonèl yo, prensipalman pou trajè andeyò Vil Boston nan. Tibis transpò elèv sa yo pral libere chofè bis lekòl jón ki egziste yo pou ogmante kantite bis ki disponib nan limit vil yo. Byen ke fèmte Liy Oranj lan pral soulve san okenn dout divès defi pou sèvis transpò BPS la, nou espere ke tibis transpò elèv sa yo pral redwi presyon adisyonèl sou sistèm bis jón nou an. Nou ap kontinye enfòmasyon fanmi nou yo chak semèn toutotan enfòmasyon yo vin disponib. Pèsònèl MBTA a ak BPS pral planifye tou pou bay sipò pèsònèl adisyonèl pou ede gide elèv yo pandan tout trajè Liy Oranj lan. Kenbe je sou Anbasadè MBTA Transit ki mete mayo polo wouj vif yo, swete, oubyen djakèt ki gen logo T yo epi ki kapab jwenn nan estasyon yo nan tout sistèm nan.

Nou konprann sa ap yon moman estresan pou elèv nou yo. Komite lekòl BPS nou an isit la pou sèvi elèv nou yo pandan yo rive nan lekòl la, asire pou yo jwenn aksè ak swen, ansèyman, ak manje maten e manje midi ki bon pou sante, "aprè son klòch," kèlkeswa reta nan vwayaj yo. Elèv yo dwe planifye pou divès reta ak, kote sa posib, kreye lè adisyonèl pou ale ak soti lekòl. Elèv ki rive an reta yo akòz de pwoblèm transpò yo p ap penalize pou sa. Elèv ki abityèlman prete Liy Oranj lan kapab itilize sèvis tibis navèt gratis MBTA a pandan tout pakou Liy Oranj lan. Pou plis enfòmasyon sou bis navèt yo ak sant transpò an komen yo, vizite [Gid Arè Liy Oranj Vil la](#). Elèv yo kapab chwazi tou pou pran sèvis gratis Tren Banlye la pandan y ap tou senpleman montre CharlieCard oubyen CharlieTicket ki nan men yo – menm si lese pase yo pa gen okenn valè ajoute. Tout arè Tren Banlye nan Boston aksesib pa ADA. Si se premye fwa w ap monte Tren Banlye a, nou ankouraje ou pou w li [paj resous sou transpò Vil la](#). Vil Boston ap distribiyè CharlieCards gratis nan tout Bibliyotèk Piblik Boston yo. Si vwayaj ou a mennen ou nan Liy Oranj lan, ou kapab anvizaje pou pran trajè altènatif yo alèd de rezo bis la oubyen lòt liy tren yo. [Planifikatè Vwayaj MBTA](#) kapab ede ou jwenn lòt opsyon transpò an komen ki kapab fonksyone pou ou. Nou ankouraje elèv yo ak fanmi yo antrene pou pran divès nouvo trajè avan premye jou lekòl la. BPS te sekirize 5 000 Lese Pase gratis MBTA 7 Jou pou fanmi yo, ki te livre bay lekòl yo nan distri a. Nou ankouraje fanmi yo pou fè swivi bò kote lekòl respektiv yo pou òganize lè pou yo vin pran elèv yo. Elèv yo gentan genyen lese pase lete yo, epi paran yo oubyen responsab yo kapab akonpanye yo alèd de Lese Pase MBTA gratis 7 Jou sa yo. Si pitit ou a bezwen èd pou oryante li, tanpri ankouraje li pou rele Liy Asistans Telefonik Transpò BPS la nan 617-635-9520. Si pitit ou an vin pèdi, li dwe rele 9-1-1. Inite lekòl Depatman Polis Boston nan kowòdone avèk Lekòl Piblik Boston yo pou lokalize timoun ki manke yo epi retounen yo bay paran yo, responsab yo, oubyen lekòl la imedyatman posib. Nou te pataje tou yon anons ak pèsònèl la pou ede yo sèvi kòm anbasadè pandan peryòd pwent yo epi pral voye yon mesaj ba yo nan jou k ap vini yo.

Biwo Angajman Kominote nou an pral òganize de (2) reyinyon vityèl pou prezante nouvo Sirentandan Skipper epi pataje avèk fanmi yo kòman nou prepare pou akeyi timoun yo nan rantrè lekòl la. Sa yo gen pou fèt vya apèl otomatize, mesaj tèks, imel, ak bilten chak semèn pou paran yo. Premye a se pou demen a 6 è pm epi dezyèm nan se pou Samdi 10 Septanm a 10 am. Pral genyen mizajou sou mizajou enstalasyon yo ki te fèt pandan lete a, mizajou nan pwotokòl

Mèkredi 31 Out 2022

COVID-19 yo, enfòmasyon sou transpò, ak plis toujou. Nouvèl Liy Asistans Telefonik BPS la ap soutni fanmi yo aktivman pandan tout pwosesis rantrè lekòl la. Ekip la te konekte apeprè 2 200 apèl, ni apèl antran ni apèl sòtan. Pandan semèn pase a, ekip la te prezante bay lekòl yo nouvèl liy asistans lan epi te kòmanse divès atik pwomosyonèl avèk fanmi yo e ak patnè kominotè yo avèk nimewo telefòn nan ak adrès imel la. Ekip Angajman Familyal la ap òganize de "Seyans Angajman pou Fanmi BPS yo." Premye a te gen 461 patisipan!

Mwen te vle kòmante tou pou kominike mwen t ap planifye pou founi yon mizajou Komite Lekòl Boston nan ak kominote nou an sou Mission Hill nan reyinyon 14 Septanm SC a. Mwen pa ka tann pou ba ou yon rapò sou kòman rantrè lekòl la te dewoule ak divès mizajou sou pwogrè nou nan jere lòt domèn enterè ofiramezi yo parèt. Mèsi.

Doktè Alkins te mande kòman gwoup kominotè yo fè pati pwosesis DESE SIP la. Doktè Echelson te deklare ke BPS ak Council of Great City Schools ap òganize divès reyinyon avèk divès entèvenan ekstèn ak divès gwoup defans pou kolekte kòmantè pou ede fè limyè sou rekòmandasyon pa yo nan plizyè domèn travay kle.

Doktè Echelson te konfime pou Madam Robinson ke BPS pral gen yon pèsònèl miltileng ki deplwaye nan estasyon MBTA yo. Direktè Transpò Delavern Stanislaus te deklare ke 429 fanmi te chwazi sèvis bis jòn nan pandan fèmte Liy Oranj lan. BPS ap ajoute divès trajè bis navèt yo pou lekòl ki plis touche pa fèmte a, tankou Charlestown High School.

KÒMANTÈ JENERAL PIBLIK LA

- Vernee Wilkinson, pa rezidan Boston, pèsònèl SchoolFacts Boston, li yon rezolisyon sou kòmantè elèv yo ak paran.
- Robert Jenkins, rezidan Mattapan ak defansè kominotè, te temwanye konsènan fèmte Liy Oranj lan.
- Sharon Hinton, rezidan ak avoka Hyde Park, te temwanye konsènan relouvèti lekòl la.
- Lauren Peter, rezidan Roslindale ak paran nan Sumner Elementary School, te pataje enkyetid li konsènan pwojè fizyon an ant lekòl Sumner and Philbrick yo.
- Shery Keleher, rezidan Charlestown ak paran BPS, te temwanye konsènan relouvèti lekòl yo.

Moun ki vini an apre yo te temwanye konsènan mezi sou sante ak sekirite COVID yo.

- Nancy Lessin, rezidan Jamaica Plain, manm fanmi BPS yo pou Sekirite COVID (FamCOSa)
- Rezidan Julia Raifmanm Brookline ak pwofesè Boston University School of Public Health.
- Elise Pechter, rezidan Jamaica Plain ak manm FamCOSa.
- Cheryl Buckman, rezidan South Boston ak manm FamCOSa
- Suleika Soto, rezidan South End ak manm FamCOSa

Mèkredi 31 Out 2022

RAPÒ

Prezantasyon Rantre Lekòl Ane Lekòl 2022-2023 - Doktè Echelson ak ekip direksyon senyò li a te prezante yon apèsi sou pwogrè distri a epi te planifye pou yon kòmansman Ane Lekòl 2022-2023 solid pou elèv, fanmi ak pèsònèl Lekòl Piblik Boston yo (BPS). Doktè Echelson te deklare byenke difikilte nan dotasyon pèsònèl ak transpò yo toujou rete, BPS byen prepare pou yon rantre solid nan nouvo ane lekòl la.

Dotasyon nan pèsònèl: Chofè ak monitè bis yo, travayè sèvis alimantè yo ak kèk parapwofesyonèl rete pòs ki pi wo ki nesèsè pou okipe. BPS ap fòse ankouraje pòs chofè ak monitè bis pou epi elabore divès plan ijans pou asire ke monitè ki afekte ak elèv yo resevwa sèvis nesèsè yo. Rekritman pwofesè syans segondè yo ak pwofesè ESL yo te difisil tou. Alòs ke plizyè lekòl okipe aktyèlman pi gran majorite pòs vid pwofesè yo, distri a ap travay sere avèk lekòl sa yo pou rekrute pèsònèl ki nesèsè pou premye jou lekòl la.

Transpò: BPS ap kontinye pwofite de Konvansyon Kolektif avèk Sendika Chofè yo, ki bay nouvo opòtinite pou pi byen sèvi elèv nou yo. Pèsònèl la ap travay vennkat èdtan avèk patnè yo nan Vil la ansanm ak MBTA pou kolabore ak minimize pètibasyon yo nan moman fèmte san presedan Liy Oranj Eta, epi BPS ap kontinye amelyore efikasite operasyonèl ki pral ede elèv yo ale lekòl nan tout sekirite ak alè. Ekip Transpò BPS la ap kontinye travay sou trajè ak afektasyon bis yo, dotasyon nan pèsònèl sèvis kliyantèl la, ak preparasyon pakin bis yo.

Sèvis Alimantasyon ak Nitrisyon yo: BPS angaje pou soutni kwasans ak reyisit akademik elèv yo nan ba yo divès repa nourisan ak yon eksperyans kwizin pozitif. Elèv ki nan lekòl k ap fè fas ak divès difikilte rekritman ane sa pral resevwa divès repa sen, epi ki vann gras ak yon nouvo kontra avèk City Fresh Foods, yon antrepriz ki pou moun nwa baze nan Roxbury ki prepare repa ki prepare tou frèch apati de engredyen lokal yo.

Etablisman yo: Pou asire yon ane lekòl reyisi, etablisman lekòl yo dwe san danje ak akeyan. Lete sa, lekòl yo te sibi yon netwayaj ak yon dezenfeksyon an pwofondè ansanm ak amelyorasyon enteryè ak eksteryè. BPS te reyalize egalman plizyè pwojè renovasyon lekòl, agrandisman ak lòt amelyorasyon ki gen ladan l divès espas enteryè ak eksteryè tankou douch, antre, pakin ak tèren jwèt.

Afektasyon Elèv yo/Sansibilizasyon ak Angajman: Nan 24 Out, yon total 50 980 elèv te enskri nan Lekòl BPS yo. Kantite sa pral varye ofiramezi elèv yo ap kontinye enskri oubyen soti. Total enskripsyon fòmèl la pral disponib 1ye Oktòb. Pèsònèl la ap kontinye rele fanmi ki nan lis d atant pou lekòl ki gen plas ouvri yo. Efò sansibilizasyon fanmi an ak kominote a deplwaye epi gen ladan l pwomosyon enskripsyon elèv yo. Nouvo Liy Asistans BPS la operasyonèl epi pwogram anyèl Countdown pou Kindergarten Ti Anfans lan ankou avèk 30 evènman nan katye ak Selebrasyon nan echèl Vil la Madi 30 Out. BPS ap òganize tou de reyinyon vityèl sou Rantre Lekòl la pou bay fanmi yo yon opòtinite pou rankontre nouvo Sirentandan epi aprann plis sou kòman BPS ap prepare lekòl la pou elèv yo. Reyinyon yo pwograme pou Jedi 1ye Septanm a 6 p.m. epi Samdi 10 Septanm a 10 a.m.

Mèkredi 31 Out 2022

Planifikasyon ak Preparasyon COVID-19: Yon ekip entèfonksyonèl ki fòme ak reprezantan BPS ansanm ak Komisyon Sante Piblik Boston rankontre twa jou pa semèn pou asire ke BPS sou bon wout avèk planifikasyon COVID-19 pou kòmansman lekòl la. Planifikasyon an gen ladan l tès pou elèv yo ak pèsònèl la, distribisyon chak semèn tès adomisil yo, tès sentomatik yo, klinik vaksinasyon yo ak edikasyon, ansanm ak politik maskaj la. BPS ap kontinye asire ke lekòl yo dispoze yon kalite lè ak yon vantilasyon apwopriye epi itilize divès pirifikatè lè ak divès kaptè kalite lè.

Akademik: Nèf rejyon lekòl ak direksyon lekòl prè pou akeyi yon lòt fwa elèv yo nan klas ak pou founi yon soutyen ak edikatè yo avèk yon oryantasyon pedagogik ekitab nan literasi. Gen yon soutyen ki an plas pou elèv andikape yo ak aprenan miltileng yo. BPS te etabli yon sit satelit tanporè pou Sant Evalyasyon ak Konsèy pou Nouvoveni yo nan East Boston epi ki aktyèlman ajou ak Politik Edikasyon Espesyal ak Manyèl Pwosediral la. Nouvo konvansyon kolektif la avèk Sendika Pwofesè Boston yo pèmèt distri a avanse yon jan agresif ak reflechi nan travay enklizyon li an. Premye kowòt 20-25 lekòl yo pral kreye divès plan enklizyon pou lekòl pa yo ak Ekip Enklizyon Entèfonksyonèl pral atake obstak sistemik yo nan vin pi enklizif nan lekòl endividyèl pa yo.

Doktè Alkins te poze kesyon sou rezon ki kache dèyè plas vid ki pami pèsònèl yo. Direktè Pa Enterim Kapital Imen, Rae Cathings, te site tandans nasyonal la avèk difikilte pou rekrite pwofesè yo, pou repriz pandemi an, e ak woulman natirèl tankou prensipal rezon pòs vid yo. Li te deklare ke BPS ap travay avèk kreyativite avèk divès patnè konfesyonèl ak divès retrete pou rekrite nouvo anplwaye. BPS ap anvizaje pou ofri divès prim enskripsyon ak retansyon pou monitè bis yo. Doktè Echelson te deklare ke BPS ap chache pèmisyon nan men Vil la pou renonse ak egzijans rezidans pou pòs difisil pou ranpli yo tankou monitè bis yo ak travayè sèvis alimantè yo.

Doktè Echelson te konfime pou Madam Robinson ke BPS byen prepare pou mete an èv egzijans remiz diplòm MassCore yo.

Doktè Akins te mande kòmman lekòl ki te resevwa renovasyon yo te rive chwazi. Direktè Enstalasyon yo, Brian Forde, te esplike ke zouti planifikasyon ekite rasyal BPS epi Endis Opòtinite yo te rekoupe avèk tablo debò batiman BPS la pou garanti ekite nan yerachizasyon.

Doktè Alkins te poze kesyon sou kolaborasyon distri a avèk Komisyon Sante Piblik Boston lan konsènan planifikasyon COVID la. Konseyè Prensipal Megan Costello te dekri apwòch an kouch distri a nan kesyon pwotokòl sante ak sekirite. [Pajwèb sou sante ak sekirite BPS la](#) gen ladan l Kesyon ki Poze Souvan yo sou COVID-19, konsa tou pou Gid sou Varyòl Senj lan.

Doktè Alkins te poze kesyon sou efò distri yo pou rekrite antrenè literasi yo. Sipè-entandan Adjwen Biwo Aprantisaj Akademik ak Pwofesyonèl, Doktè Christine Landry te di ke malgre difikilte ki genyen nan rekritman yo, chak rejyon pral dote avèk yon akonpanyatè ak yon entèvenan ekitab nan literasi.

Madam Robinson te mande yon mizajou sou pòs vid nan sèvis sekirite yo. Chèf Sèvis Sekirite yo, Neva Coakley Grice, te deklare ke depatman an santre sou rekritman ak entegrasyon nouvo manm pèsònèl sekirite.

Mèkredi 31 Out 2022

Madam Robinson te poze kesyon sou kòman lekòl endividyèl yo t ap swiv pwòp done pa yo. Sirentandan Adjwen Operasyon yo, Sam DePina te deklare ke yon ekip entèfonksyonèl ki plis pase 40 depatman Divizyon Lekòl yo ap travay pou soutni chèf etablisman yo. Li te esplike kòman nouvo estrikti rejyonal la pral soutni pi byen lekòl yo.

Doktè Alkins te poze kesyon sou divès estrateji pou ranpli pòs vid yo pou edikatè militeng yo ak edikatè pou edikasyon espesyal yo.

Doktè Echelson te deklare ke distri a ap konsantre sou lekòl ki touche endividyèlman yo nan deplwaye divès resous yon fason agresif. Li te ekspriye konfyans li ke BPS pral an mezi pou reponn ak objektif ki fikse pa DESE ak Depatman Jistis, nan ajoute ke distri a byen prepare pou ponktyalite bis yo ak amelyorasyon aksè ak yon ansèyman pi bon kalite.

KONKLIZYON

Avèk Komite Lekòl la ki te deja vote pou ranvwaye reyinyon an pi bonè nan lannwit lan, Prezidan Robinson te fèmen seyans lan nan apwoksimativman 7:37 p.m.

Ateste:



Elizabeth Sullivan
Sekretè Egzekitif